



BUPATI WONOSOBO

**MEDHAR SABDA BUPATI WONOSOBO
ADICARA
PASRAH –TAMPI PANJI MIWAH PUSAKA
PENGETAN AMBAL WARSA KAPING-199
KABUPATEN WONOSOBO**

KAMIS, 4 JULI 2024

**Assalamu’alaikum Warohmatullohi Wabarokatuh,
Sih tentrem rahayu saking Gusti Ingkang Moho Agung,
tinompo wilujeng lan kesarasan mugi tansah kasanding
miwah kasandang ing jiwanggo panjenengan sedoyo lan
kulo, waradin sagung dumadi widodo niskolo lulus
raharjo.**

- **Sesepuh pinisepuh kang kinabekten**
- **Wakil Bupati Wonosobo kang kinurmat.**
- **Jajaran Forum Koordinasi Pimpinan Daerah Kabupaten Wonosobo kang sinanding karahayon.**
- **Sekretaris Daerah, Staf Ahli Bupati, sarto poro Asisten Sekda lan poro Pimpinan Perangkat Daerah Kabupaten Wonosobo kang sinudarsono.**

- Jajaran Forum Koordinasi Pimpinan Kecamatan sa-Kabupaten Wonosobo kang sinandhing kayuwanan.
- Para guru Basa Jawa tataran SMP, Para Pametri Budoyo utawa Ponco Pamangku Budoyo miwah poro wimpuno babagan agomo kang winengku ing kabagas kwarasan.
- Pasarto upocoro srah tampi panji miwah ASN ing lingkup Pamarintah Kabupaten kang bagyo lan mulyo.

Puja puji syukur ing Ngarso Dzat Kang Moho Asih, nun inggih Allah SWT, awit panjenengan sedoyo lan kulo kaluberan rahmat lan hidayah, temah wektu iki biso kumpul bebarengan ing kalodhangan kang apik iki, datan kurang sawiji opo miwah kebak ing kayuwanan

Poros pasarto kang kinormatan,

Ing kalodhangan iki, kulo lan panjenengan sedoyo bebarengan ngestreni purwakaning rerangken Ambal Warso kaping 199 (satus sangang puluh songo) Kabupaten Wonosobo, kanthi kawiwitan **Pasrah Tampi Panji lan Pusoko Projo** kapasrahake Forkopimca, kang mengkone kaKirab ing saben-saben wilayah 15 kecamatan. Panji lan Pusoko Projo duweni teges mirunggan, yo iku Gendero Abang Putih utowo Sang Saka Dwi Warno kang duwe teges nasionalisme, *Songsong* utowo Catragung ngemu suraos pangayoman antarane pimpinan karo wargo masyarakate, Tombak *Katentreman* werdhine njejege pradata agung utowo supremasi hukum, lan *Panji Gegunungan Praja* duweni teges kinaryo identitas daerah.

Awit soko kuwi, Kirab Panji lan Pusoko Projo minongko prosesi kang wigati saben mengeti Ambal Warso Kabupaten kulo lan panjenengan sedoyo, kinaryo pangeling-eling tumrap pamerintah opo dene wargo masyarakat, wiwit soko bubaking sujarah Kabupaten Wonosobo, khazanah budoyo lan kearifan lokal kang adi luhung, babarpisan ugo kinaryo teges kang jero komitmene pamerintah mawujudke raharjaning wargo masyarakat.

Jumbuh kalawan bab kuwi, prosesi Pasrah Tampi Panji miwah Pusoko Projo minongko salah sijine ciri khas pengetan Ambal Warso Kabupaten Wonosobo, kudu biso dilestarekake lan dikembangke kinaryo landhesan identitas jati dhiri, yo iku sinergisitas mangun kabupaten iki. Prosesi utowo toto rakit iki biso minongko tondho gumregute wargo masyarakat ing kabeh deso, kanggo melu kekiprah ing pengetan Ambal Warso Kabupaten Wonosobo, ugo duweni pangajab murih rerangken agung Ambal Warsa kuwowo gerakake perekonomian wargo masyarakat hinggo padesan. Babagan iki slaras lan jumbuh kalayan tema pengetan Ambal Warso kaping 199 Kabupaten Wonosobo, "**Guyub Rukun Mustikaning Laku**", kang ngelingake kulo lan panjenengan sedoyo pentinge mad sinamadan utowo *kebersamaan* lan tembayatan kanthi nengenake *keguyuban* kabeh wargo masyarakat, minongko landhesan baku kanggo jumangkah majokake daerah.

Opo maneh ngelingi rantaman pengetan Ambal Warsa iki nora hamung ngutamake babagan budoyo lan tradisi, nanging ugo kaajab kanggo nyepetke lajune ekonomi pasca Covid-19, temah kiprahing wargo masyarakat ing kabeh rerangkene sanget wigati. Kaajab pengetan Ambal Warso biso nambahi kukuhing roso manunggal ing sedyo gumregahing gotong royong kanggo mangun daerah, satemah karaharjan biso mawujud kanthi nyoto lan biso murakabi kanthi waradin tumrap elemen wargo masyarakat Wonosobo.

Pasarto kang pinayungan kabagas kwarasan,

Katur jajaran Forkopimca 15 Kecamatan, kaampingan dening poro pamengku budoyo lan guru boso Jowo tataran SMP, paripurno upocoro Pasrah Tampi Panji, kasuwun Panji lan Pusoko Projo Kakirabno ing Baciro Projo kaping sepisan minongko pratondho rerangken Ambal Warso kawiwitan, sabanjure kaasto ing tlatah kecamatan sowang sowang saprelu kakirabke muter tepung gelang kabeh Deso lan Kelurahan ing kukuban Kabupaten Wonosobo, murih kabeh wargo masyarakat biso ngrasakake lan melu handarbeni kanthi kiprah nyoto ing rerangken Ambal Warso kaping 199. Sakwise kuwi, dak suwun punjering prosesi Kirab Panji ing kabeh Kecaman, yo iku Gelar Budaya lan pameran produk UMKM kawiwitan titi suryo kaping 8 hinggo 16 Juli 2024, tandangi lan lakoni kanthi temen, nastiti, lan sembodo murih biso trep lan pener.

Kaajib kabeh rerangken Ambal Warso iki biso nambahi roso tresno lan handarbeni Kabupaten Wonosobo.

Sinartan dedongo konjuk Kuasaning Dhzat Kang Moho Agung, pinaringan Doyo Pangaribowo Allah SWT, pengetan Ambal Warso kaping 199 kapurwakan kanthi Pasrah Tampi Panji lan Pusoko Projo, samengkone kakirabke ing 265 deso lan kelurahan kang nyebar ing 15 Kecamatan iki, kuwowo nambah roso nasionalisme lan patriotisme kabeh elemen masyarakat, kawujudke partisipasi kinaryo panyengkuyung suksese mangun daerah.

Mangkono kang biso dak aturke, kabeh kang kurang prayogo jaluk pangapuro.

“Selamat melaksanakan Kirab Panji, GUYUB RUKUN MUSTIKANING LAKU !”

TANDHANGI.....!

Wasono,

Wassalamu’alaikum Warohmatullahi Wabarokatuh.

BUPATI WONOSOBO

ttd

H. AFIF NURHIDAYAT, S.Ag